



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEZIYEN RORY M. CHRISTIAN KÒM PREZIDAN KOMISYON SÈVIS PIBLIK LA, DIREKTÈ EGZEKITIF JENERAL DEPATMAN SÈVIS PIBLIK LA**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a deziyasyon Rory M. Christian kòm Prezidan Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la ak direktè egzekitif jeneral Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) la, branch anplwaye Komisyon an.

"Mwen kontan deziyen Rory Christian kòm Prezidan PSC", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekspètiz apwofondi li sou operasyon ak règleman sèvis piblik yo, règleman anviwònman ak angajman kominotè fè li patikilyèman kalifye pou ede rezoud kriz klima Eta a pandan l ap reyalize misyon prensipal PSC pou kenbe sèvis piblik ki fyab ak abòdab. Mwen gen gwo atant ke anba direksyon Rory, PSC ap fè avanse règleman inovatè nan zafè enèji ak telekominikasyon, pwoteje konsomatè, ranfòse fyabilite ak rezistans sèvis piblik yo, ankouraje devlopman ekonomik ak atake yon fason responsab defi chanjman klimatik yo".

Mesye Christian te kòmanse karyè li nan endistri enèji avèk KeySpan Energy kote li te premye sèvi kòm enjenyè sivil anvan li te chanje wòl pou vin angaje nan ajans gouvènman k ap fonksyone nan Long Island ak Vil New York. Nan wòl sa a, li te responsab pou kowòdone aktivite ant KeySpan ak òganizasyon gouvènman yo, negosye kontra, devlopman plan ijans ak senplifye operasyon yo pou satisfè bezwen òganizasyonèl ak operasyonèl yo.

Mesye Christian te ansuit ale nan Exelon Energy, kote li te devlope nouvo pwodui ki sible kliyantèl sektè piblik la epi te ede fasilite kreyasyon plizyè patenarya ak alyans. Mesye Christian te sèvi anvan sa kòm Direktè Finans Enèji ak Dirabilite pou Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA), kote li te sipèvizè pòtfèy plis pase 500 milyon dola Otorite a avèk objektif pou redui depans anyèl pou enèji pandan li te atenn egzijans sou rediksyon emisyon gas a efè sè vil, eta ak federal yo.

Tou dènyeman, li te Direktè Enèji Pwòp New York (New York Clean Energy) nan Fon Defans Anviwònman (Environmental Defense Fund) kote li te bay jesyon estrateji, pwogramasyon, devlopman biznis ak kolaborasyon pati konsène yo pou pwogram Enèji Pwòp nan New York la. Li te sipèvizè yon ekip miltidisciplinè (ekonomis, avoka ak enjenyè) pou konsevwa, aplike ak jere kanpay lejislatif ak règleman pou bese enpak anviwònman pwodiksyon elekrisite a.

**Rory Christian te deklare**, "Mwen onore anpil dèske yo deziyen mwen kòm Prezidan Komisyon ak Direktè Egzekitif Jeneral Depatman an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul epi enpasyon pou konsakre tan, enèji ak talan mwen pou ede asire New York satisfè objektif enèji pwòp li yo atravè solisyon ki priyorize ekite, kredibilite ak rezistans".

Mesye Christian te gradye nan City College of New York, Grove School of Engineering avèk yon diplòm lisans nan Jeni Sivil ak yon MBA (Metriz nan Administrasyon Biznis) nan Baruch College, Zicklin School of Business. Mesye Christian rete nan Brooklyn, New York avèk fanmi li.

### **Konsènan PSC**

Komisyon Sèvis Piblik la règleman sèvis piblik elektrisite, gaz, vapè, telekominikasyon ak dlo nan eta a. Komisyon an sipèvize tou endistri kab la. Komisyon an responsab dapre lalwa pou defini tarif ak asire sèvis piblik New York yo bay sèvis ki apwopriye yo. Anplis de sa, Komisyon an gen jiridiksyon sou anplasman enstalasyon transmisyon gaz ak elektrik prensipal yo epi gen responsabilite pou asire sekirite konduit gaz natirèl ak petwòl likid yo.

Non patizan dapre lalwa depi 1970, Komisyon an gen ladan jiska sèt manm, Gouvènè a nonmen chak epi Sena Eta a konfime yo pou yon manda sis ane oswa pou fini yon manda yon ansyen Komisè ki potko ekspire.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)